

# Sipòte lang ak alfabetizasyon

## 4 zan: Virelang

Metrize tout son endividiyèl ki nan mo yo se yon ladrès ki esansyèl pou reyisi nan lekti. Lè ou menm ak pitit ou ap pran plezi ak virelang yo, ou ap teste kapasite yo pou yo fè chak ti son ki nan chak mo epi pou yo fè atansyon sou egzakteman ki son ki nan chak mo.

### Konsèy ak Aktivite



Pataje virelang ou pi renmen yo, pa egzanp: 'Sèt tèt chat nan chak sak.'

Pran tan pou reponn kesyon 'poukisa' pitit ou yo.



Lè w ap rakonte istwa, w ap jwe, oswa w ap fè ti travay lakay, sèvi ak mo tankou 'premye', 'dezyèm', oswa 'finalman'.



Pandan w ap li, pran poz pou mande pitit ou sa l panse ki ka rive apre.



Lè sa posib, pale ak pitit ou ak fraz ki konplè.



## Etap tipik langaj

Di tout silab ki nan yon mo—son nan kòmansman, nan mitan, ak nan fen mo yo

Sèvi ak mo tankou 'yon' oswa 'la' lè w ap pale, pa egzanp 'liv la' oswa 'chen an'

Kapab repete istwa oswa chante ki senp epi sonje evènman ki pase deja

Konpare bagay yo ak mo, pa egzanp 'pi gwo' ak 'pi piti'

Pale fasil, san w pa bege

# Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksès. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



**Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:**

**Kenbe yon journal**

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

**Sèvi ak resous ou yo**

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

**Fè entwisyon ou konfyans**

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

**Lòt resous**

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)